

RAGAD ADVERTENTIE:
Kabar premili: 1 — 30 temboeng f 1.—
Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi
kirang: f 0,50.
Advertentie limrah: f 0,15 sagaris;
(apes: f 1,25).
Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan,
oetawi moendoet dados lengganan,
tepan rembag roemijn kalijan administratie.

Hoofdredacteur:
B. SOEMARNA
Kabantoe
REDACTIE - COMMISSIE.

ISINIPOEN:

Koendjoek Rama L. van Rijckvorsel S. J. — Immigratie lan Emigratie — Arbeidsduur — Gesang rerajatan lan djagad social — nDéjan néh — Tanggap sabda — Moegi kagalih — Boten leres — Ontjén sekar gambir melati — Oerap — sari — Correspondentie.

KONDJOEK RAMA L. VAN RIJCKEVORSEL S. J.

Sapinten tjoewaning pangalih dalem, déné ngantos boten saged andjenengi parepatan warga P. K. W. mbéndjing tanggal 16 Maart ngadjeng poenika, déning kaselak kedah kondoer perlop dateng nagari Walandi perloe amemoelih kasoegenganing salira dalem. Angestokaken dawoeing Pangageng, dinten Rebo tanggal 12 Maart Pandjenengan dalem kedah sampoen mantjal saking palaboehan Tandjoeng Priok. Sanadyan ingadjeng P. K. W. sampoen mangertos, bilih ing dinten tapoeking parepatan Pandjenengan dalem kepeksa amasrahaken pakarjan dalem ngasta Parampara, ananging djengkar dalem ingkang kalajan dadakan waoe saëstoe adamel wewahing wijoganing manah. Kados badé nama moerang saking tata soesila jén ta P.K.W. anjoewoena sandéning dawoe, mila wontenpoen namoeng moepoes soeméndé ing karsa.

Rama! Angéngeti lelabetan dalem wiwit kalanipoen P. K. W. lair ngantos doemoegining titi mangsa ngantik diwasa, angéngeti oegi anggén dalem ngoerbanaken salira moerih bagja joewantering Swara-Tama saha jejasan sanès-sanésipoen, raosing manahipoen P. K. W. bebasan kebak loebér, boten saged ngampet baloedaging panarimah ingkang tanpa oepami. O, noewoen, noewoen, sèwoe sembah noewoen dateng sih kadarmen dalem waoe! Boten amoeng moegi-moegi ing sadaja karkat saha tradjangipoen P. K. W. ing saladjengipoen tansah angeplekana idamidaman dalem, sageda mikan-toeki dateng bangsa toewin tanah woetah rah kita.

Ing woesana kanti toeloes iklasing manah angatoeraken pambagja soegeng tindak dalem dateng nagari Walandi, boten sepi ing pangadjar toemoentena pinaringan barkating Pangéran waloeja kados ing wingi oeni.

Ambarawa 2 Maart 1930.
P. K. W.

PRADJA RAHAJOE.

IMMIGRATIE LAN EMIGRATIE.
Immigratie inggih poenika lebeteipoen bangsa ngamantja ing tanah Djawi ngriki. Emigratie késahipoen tjiang Djawi dateng tanah sabrang.

Saweg taoen ingkang kapengker ingkang loemebet tanah Djawi wonten Walandi 4900, bangsa Éropah sanésipoen 950, Tjina 9900, Djepong 211, Arab lan sanésipoen 1200 kepara langkoeng.

Tjatjahing Tjina ing taoen 1929 soeda 500 katimbang ing taoen 1928. Katimbang roemijn-roemijn tjetahing Tjina sepoeh ingkang oemoer 60 lan 70 langkoeng katah, mratjih-nani, bilih ing tanah Tjina ngriki

soeda 500 katimbang ing taoen 1928. Katimbang roemijn-roemijn tjetahing Tjina sepoeh ingkang oemoer 60 lan 70 langkoeng katah, mratjih-nani, bilih ing tanah Tjina ngriki

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.

====

====

bab pangoepadiwa ngrekaos. Tjatjahing goeroe oegi mindak. Anggeripoen boten mbekta winih communisme kémawon, taksih loemajan!

Tjina katah sami mriki poenika margi djoeragan Tjina ing ngriki sami betah berah Tjina.

Manoet angger-angger, boten kenging loemebet ing tanah Djawi, jén boten gadah jatra samanten-saman ten kanggé pawitan gesang wonten ing tanah ngriki.

Kadjawi poenika wonten sabab sanès ingkang ndjalari tetijang ingkang badé mlebet tanah Djawi, sami katoelak; poenika katindakaken toemrap Wlandi 11, bangsa Éropah sanésipoen 17, Tjina 217, Arab lan bangsa sanésipoen 14. Wonten bangsa Éropah 4 lan Tjina 1 katoelak, margi mindak damel dahoerow wonten ing ngriki.

Para maos sami ngertos bilih saben taen tansah wonten immigratie kémawon. Tjiang ngamantja ingkang ngrekaos panggesanganipoen wonten tanahipoen pijambak, gadah pangadjeng-adjeng wonten ngriki saged tjekek oetahi soegih.

Kosok-wangsoel, tjiang Djawi ingkang wonten ngriki ngrekaos gesangipoen, gadah pangadjeng-adjeng wonten ing Soematra oetawi Bornéo saged tjekek lan soegih. Emigratie inggih katah. Saking Ngajodja, Poerwaredja lan Kitaardja kémawon saweg wekasaning taoen kepengker wonten koeli kontrak djalier 3948, koeli kontrak éstri 169, tjiang éstri ingkang boten dados koeli kontrak, namoeng toemoeit sémahipoen wonten 871, laré wonten 1230. Poenika émigratie saking kadjengipoen pijambak toer saweg 3 kita. Emigratie sarana dipoenapoes wérek temtoenipoen tak-sih katah.

Dados tetanipoen makaten soer- soeran: tjiang ngamantja mlebet, tjiang Djawi medal. Manawi medalipoen waoe saking kadjengipoen pijambak, boten dados poenapa. Limrahipoeng ingkang sami medal saking tanah Djawi poenika sampoen brobrok ing ngatasing sandang tedanipoen. Badé andjenggélèk sampoen boten saged. Sinten ingkang saged miteloengi, soepados taksih wonten ing ngriki, nangis dodos gagah? Boten wonten. Wontena, bokmanawi taksih dèréng saged andjenggélèk, amargi keken-delanipoen kantoen saedik. Keken-delan sakedik poenika sapoenika kanggé pawitan wonten ing tanah sabrang. Jén wonten ngriki saged langkoeng tentrem gesangipoen, poenapa badé mrika teka dipoen-alangi-alangi?

Bokmanawi wonten bangsa nati-onalist totok ingkang moengel: "Ora, betjiké Tjina barang koewi dilarangi mleboe." Ah boten soesah dipoenawisi, temtoe boten badé loebebet, samangsa ing ngriki boten gampil anggénipoen padas teda. Déne anggénipoen gampil waoe, amargi tjiang Djawi pijambak ingkang anggampilakan sarana poeroen njamboet, mindring Isp. Anggeripoen watak remen njamboet, watak boten poeroen njelèngi, watak aras-arasen damel cooperatie Isp. Boten dipoen-tjali, tjiang Djawi taksih ambetahan bangsa Tjina. Jén makaten poenika immigratie kalijan emigratie ladjeng tansah wonten kémawon.

BAB: ARBEIDSDUUR.

I. Kadjengipoen temboeng: arbeidsduur.

"Arbeidsduur" (dangoening tjiang njamboet damel) ing ngriki tegesipoen: dangoening tjiang njamboet damel, kapéting tjetahing djam saben ing sadintenipoen. Oetawi tjetahing djam tjiang njamboet damel saben ing saminggaenipoen kapara nenem. Dados boten kapéting saben ing sataeno oetawi ing swoelenipoen.

II. Bab: maximum - arbeidsduur.

Ing sadéngaha golongan ratjakipoen sami ngrembag sanget dateng

prekawis poenika, sami mboedidaja amrih adilipoen. Maatschappij (kemaling tjiang - tjiang) temtoe welas soemerep berah ingkang rekaos njamboet damel langkah saking sa-mestinipoen. Mekaten oegi temtoe boten ngiliani manawi soemerep patroon (werkgever) ingkang meres sangset - sanget dateng berahipoen. Makaten poenika sampoen doemoenoeng wonten ing raos kaadilan, lan mergi dajanan naastenliefde (katresnan dateng sesami).

"Maximum-arbeidsduur" poenika satoenggil - toenggiling panggénan boten temtoe sami. Kados déne ing Nederland ngwontenaken pranatan: toemrap laré (sangandapipoen 16 taoen) lan tjiang éstri boten kenging langkoeng saking 11 djam saben ing 24 djamipoen (per etmaal).

Ing pradja sanès dèréng temtoe menawi 11 djam. Mekaten poenika dipoenwastani "Wettelijk maximum." Wettelijk maximum poenika boten preloe dipoenetjakan trep, mergi tjiang nemotaken maximum poenika kedah mawang prekawis warni-warni, oepami: dateng ingkang njamboet damel, dateng pe-damelanipoen, tebihing papan padamelan saking grijaning berah enz.

Réhning saben-saben kedah mawang prekawis warni-warni mila ing riki namoeng njebat ingkang dipoenwastani: "etisch maximum" tegesipoen: maximum ingkang mawang prekawis warni-warni waoe lan langkoeng-langkoeng nginggih kaadilan lan kabetamén. Inggih "etisch maximum" ingkang manoet ethica (zedekundé) ingkang dipoen-kadjengking ing riki.

III. Antjer-antjer (maatstaf) maximum - arbeidsduur.

Saben tjiang poenika koewadjiban njamboet damel, margi:

1e. Poenika sampoen dados ker-saning Pangéran. Lan malih saben tjiang kedah ndjagi dateng lestanoening gesangipoen, sarana neda ngalsalipoen saking njamboet damel.

2e. Saben tjiang, poenika dados (tjalon) pangagenging brajat (huis-vader), ingkang kedah madosaken teda anak sémahipoen.

3e. Gesang kita sadaja poenika woedjoed: maatschappij, ingkang gesangipoen kedah toeloeng-tinoe-loeng. Saben tjiang poenika dados péraning maatschappij, dados kedah tetoeloeng dateng maatschap-pij (tjiang kantjanipoen gesang), asaran wohing pedamelanipoen.

Manoet golongan sepisan, tjiang Katholieke boten namoeng dinten Ngahad kémawon anggénipoen nge-tinggalaken Katholiekipoen, nangg dinten limrah, inggih sampoen sa ged ngezingalaken pangabektinipoen dateng Pangéran, asarana njamboet damel.

Badé kasambet.

J. I. N.

-- LARASATI. --

GESANG RERAJATAN LAN DJAGAD SOCIAL.

Wewenang lan wadjibing bendara dateng abdi.

Tjiang ing donja poenika gesangipoen (timbalanipoen) boten sami; wonten ingkang katimbalan dados tjiang mratapa, wonten ingkang dulos Imam lan ingkang sapérangan ageng sanget katimbalan gesang salimrahipoeng, manoet pangandika Dalem Goesti Allah dateng Iboe Kawa lan bapa Adam: pada bebrahna. Kedjawi ingkang makaten poenika ing djaman ramé ngriki inggih wonten ingkang tjekek, wonten ingkang boten. Makaten poenika kedah wonten, malah kedah dipoenwastani djanggelan ingkang nomer satoenggal, soepados gesang sesa-rangan saged toemindak.

Kodratipoen tjiang poenika sami kémawon, ananging bédá-bédá watek toewin dasariipoen (kesagedanipoen); pramila inggih ladjeng ngwon-tenaken oenda-oesoeking dradjat (pangkat); wonten pangageng lan sor-

soran, wonten bendara lan abdi. Sanadjan makaten gesang sesarengan badé saé toemindakipoen, manawi sadaja warga mangertos lan nin-dakaken poenapa kawadjiibanipoen. Sapoenika doemoegi ingkang badé koela atoeraken.

Abdi poenika poenapanipoen bendara? Tegepsiopen: kados-poendi panganggepiopen bendara dateng abdinipoen?

1. Abdi kedah dipoenanggep kados tjiang berah, ingkang njamboet damel kanggé sawatawis wedal nganggé épahan; mila bendara jén badé adil, kedah njoekani blandja abdinipoen ingkang dados mestinipoen, manoet pradjangdjian; anggénipoen mblandja kedah netepi angger adil. Oepami wonten tjiang margi saking kapeksanipoen, djaralaran boten wonten ingkang dipoen-teda, ladjeng dados abdi (batoer) nanging dipoenblandja sakedik, bendara waoe boten netepi leres, kirang adil, saminipoen tjiang berah (kapeksa berah) dipoensoekani épahan boten moerwat lan pendamelanipoen. Kedjawi ingkang kasboet nginggil, bendara boten kenging ngoentet blandjanipoen abdi, malah kala-kala kedah njoekani persén.

2. Abdi kedah kaanggep sesamining manoengsa déning bendaranipoen; dados bendara boten kenging ngedir-ediraken diri. Kalih kalihipoen poenika atoenggil Rama ing Swarga, lan sami déne toemita mawang boedi. Bendara boten kenging dak wenang, ladjeng nganggep abdinipoen kados réntjang toembasan, malah kapara ngaosi kamaneng-saniipoen. Abdi kedah kaeodi amrih wiloejdengipoen, inggih menggahing badan, inggih menggahing soekma, poenapa malih kawadjiibanipoen bendara inggih ndjagi sagedipoen abdi nglampaha ngibadah.

Anggénipoen njoekani pandamelan dateng abdi kedah ngéngerti kaki-jatanipoen lan njoekani wedal kanggé ngaso. Manawi abdi pinoedjoe sakit bendara kedah ngeodi sagedipoen kaeopakara saé; ing ngrikoe bendara saged ngatingalaken tresna lan asihipoen dateng abdi.

3. Abdi kedah kaanggep kados brajatipoen pijambak, boten namoeng kados tjiang berah blaka; sebab abdi sampoen nama kadadosaken satoenggal, nama kawengkoe pangagenging brajat, sanadjan sadjatosipoen dédé anak oetawi premili. Mila bendara ladjeng kedah ngoelatolataken abdinipoen; ngéngetaken samangsa abdi gadah tingkah ingkang kirang prajogi. Lan ing ngatasing abdi ingkang dèréng ngoemoer, bendara poenika prasasat sesoelihipoen tjiang sepoeh (bapa bijoeng); bendara kedah njoekani pitedah lan toelada saé, soepados dados katja-benggala sinoedarsana ing sadaja para abdi.

Kawadjiibanipoen abdi dateng bendara koela rembag dinten wingking A.

KOEROE SÉTRA.

NDÉJAN NÉH.

Temboeng ndéjan poenika sadé-rék ing Banjoeemasan, mesti sampoen ngretos tegesipoen. Sareng koela maos Sw. Tm. nr. 5/31 Jan. 1930, reg. 1-2, (ing per. kabar oemoem Indonesia) ladjeng gédég X 2. Lo, wiwit saprika doemoegi saprika teka taksih wonten kabar GOROH. (dora) ingkang makaten poenika nama damel tjetading srira pribadi saha njloréngi serat kabar ingkang ngemot.

Poenika kirang padamelan poena-pa njat kados - poendi. Jén boten saged damel kabar njata, bok inggih aloewoeng poen gangsal BÉNGGOL poenika dipoenploengna ing gon-téngan (TJÉLÉNGAN). Botenipoen ngaten bok kanggé toembas monitor, apes angsal 13, tengah toegel. (Jén noedjoë mirah kasapé manawi angsal 25-tengkel pandjang). Kadahar sarwi ngéngkrang, njiritip wéndang téh kentel, wah adoeh njamlengipoen, boten kawon kalijan roti dipoen-

REGINIPPOEN LENGGANAN

SWARA TAMA

1 taoen . . .	f 6,-	} njoewoen kabajar
1/2 . . .	f 3,-	
3 woelan . . .	f 1,50	roemijn.

Adresipoen Redactie lan Administratie

IGNATIUS-COLLEGE

DJOKJAKARTA.

Drukkerij "Canisius" Djokja.

smeer mertéga mawi dipoenwoer-woeri kédjoe. Hahak, soenggoeh amat lezat, tjita rasanja, toemrap ingkang kresa poenika.

Jén ingkang asoeng kabar waoe Correspondentipoen B.M. noen inggih Corr. lantjang toer katik wéhant pintjang. (Ning boten pintjang soekoenipoen lo, jén pintjang temenan, sampoen dados panggalih)! Ngawoer, atismak batok, mata mlorok ora kanggo ndedelok sing kétok mélék priksana.

Poenapa sababipoen Red. oetawi Hoofd-Red. wani (kresa) ngemotaken? Wangsoelanipoen: (manoet wan-wasan ko

OERAP-SARI

KABAR KATHOLIEK.

Sowan I. S. K. S. Rama.

Kala woelan Januari Vaticaan katumoewan tamoe agoeng i. p. pramésvari (groothertogin) Charlotte ing Luxemburg sakalijan garwa pangéran Felix ing Bourbon Parma.

Ngrasa dalem maringi tanda pangéng-ènget awoedjoed medali emas. Déné sang poeti sakalijan garwa ngoedjoekaken boekoe 65 djilid isi babadipoen Luxemburg.

Bakda sowan Ingkang Sinoehoen, tamoe agoeng waoe dipointampéni Kg. Kardinaal - Staatssecretaris, lajdjeng sami sowan dateng Grédja Agoeng St. Pieter.

Sontenipoen ngrasa dalem nampi pisowanipoen wawakil Parangakik maarschalk Pétain angestréni pikraménipoen pangéran Umberto.

Tjatjahipoen tjiang Katholieke ing sadjagad.

Katholieke Missiën: njarijosaken tjatjahipoen tjiang Katholieke kados ing ngandap poenika:
ing Afrika 5.387.678 (3,8%)
Amerika 125.569.905 (53,1%)
Azië 17.038.874 (1,7%)
Eropa 201.855.900 (42,9%)
Océanië 1.987.308 (22%)
Gg. sadaja 351.839.665 (19%)

Tjatjahipoen tjiang Protestant ing

ing sadjagad: 164.683.026 (8,9%); Orthodoxen: 131.460.822 (7,1%); Jahoedi: 15.731.475 (0,9%); Islam 238.997.594 (13%); Boeda: 199.461.632 (10,8%); Hindoe: 224.008.819 (12,1%); Confucianisten: 304.027.114 (16,4%); Shintoisten: 16.644.437 (5,9%); Wanani (heidenden): 122.239.817 (6,6%); Tanpa Agami: 76.598.195. (4,1%).

Retrét ing Moentilan.

Retrét Djawi ingkang kapengker poenika, ingkang toemoet wonten 124. Retrét kapengker poenika retrét ingkang kantoon pijambak mangéng ing Moentilan. Saladjengipoen manawi retrét tjalon kapapanaken wonten Oengger.

Kardinal séda.

Rome 26 Febr. Aneta Reuter.
Kg. Kardinal Merry del Val sampaenipoen ka-operatie, séda.

(R. I. P.)

Ngleresaken.

Wonten ing kabar Katholieke Sw. Tm. no. 9, pawartos tilas Hoofd redacteur Sw. T. wonten ingkang moengel:..... "mawi dipoenpedjahi satengah barang" poenika leresipoen: mawi dipoenpedjahi satengah edjam barang." Andadosna kawoeningan (corrector).

Gemeente njoekani pitoeloengan arta f 500.

Ing ngrikoe wonten komité tiga saking golongan Indonésijah, Tionghoa, lan Éropah, sami ngoepadosaken darma.

Kadjawi poenika, Semèroe-fonds, Kong Boe Siang Chow inggih sami toemandang ngideraken lijt.

Djawah ing Tengger.

Soer. Handbld. njarijosaken distrik Grati Paseroewan salabetipoen minggoe kapengker wonten bandjir ageng. Margi Paseroewan - Prabalingga kasasaban toja. Poenika sababipoen margi deresing djawah ing paredèn Tengger.

Siti-siti partikelir Djawi Kilèn ingkang kapoendoet wangsoel Nagari.

Ing sadérèngipoen taoen 1917 sampaen wonten siti partikelir sakidik ingkang kapoendoet wangsoel kangéng palaboehan Iss. goenggoeng 3548 baoe kalajan regi 1½ miliönen roepijah.

Wiwitipoen moendoeti wangsoel ingkang saëstoe poenika wiwit taoen '17. Wiwit taoen '17 doemoegi '22 wonten siti boten kirang saking 543.000 baoe ingkang kapoendoet wangsoel kanti regi 47 miliönen roepijah. Kala semanten ngantik djaman pangiridan. Mila wiwit taoen '22 doemoegi 1926 namoeng wonten siti partikelir 4000 baoe (3/4 miliönen roepijah) ingkang kapoendoet wangsoel.

Wiwit taoen 1927 ladjeng dipoen-sengkoet malih. Doemoegi taoen 1929 ingkang kapoendoet wangsoel Goepermèn boten kirang 674.000 baoe kalajan regi f 63 miliönen langkoeng.

Dados wiwit taoen 1912 doemoegi sapriki tanah partikelir ing Djawi kilèn ingkang kapoendoet wangsoel Goepermèn boten kirang 674.000 baoe kalajan regi f 63 miliönen langkoeng.

Lan sakedap malih tanah Tjampéa 57.000 baoe inggih kapoendoet wangsoel kalajan regi 9 joeta roepijah. Salebetipoen taoen poenika, lan awaling taoen 1931 tanah-Baud lan tanah alit-alit sanèsipoen inggih kapoendoet wangsoel. Margi makaten waoe, ing tengah-tengahaning taoen 1931 tanah-tanah partikelir Betawilan Bogor sisih Kilèn, saged wangsoel sadaja dados kagoenganipoen Nagari.

Manawi sampaen, ladjeng gentos Betawi Wétan, Krawang. Bab panaliti toemrap tanah Tegalwaroe ing Krawang sampaenika kenging kawasan tanah sampaen rampoeng: arta teboesan kataksir wonten 7 joeta roepijah.... Makaten pratélanipoen Aneta.

Margi énggal.

Parwartos saking Médan njarijosaken bilih katetepaken wonten margi énggal saking Langsa dateng Kwalalangsa. Doemoegi sapriki palaboehan Kwalalangsa namoeng sagé pinoeroegan sarana trém Atjih. Kangéng preloening margi waoe sampaen dipoensoedjani arta f 300.000 wonten ing begrooting 1931.

Kepandoengan ageng.

Serat-serat kabar ing Betawi njarijosaken ing grijanipoen sadérèk Thamrin mentas kapandoengan ageng-ageng. Prijantoen waoe katamoewan Siti Hamisah saking Kebon Sirih. Nalika badé tilém pangangéngipoen sami dipointjopoti, aroepi pending regi f 900, kaloeng samainanipoen regi f 450, sesoepé kalih regi f 150, sadaja regi f 1500.

Ingkang sampaenika kenging ndakwa baboenoipoen anama Ijot.

Poetrinipoen Boepati Bandoeng.

Kawartosaken bilih tanggal 9 Maart poenika, poetrinipoen poetri Boepati Bandoeng ingkang nomer kalih, badé kadaopaken pikanteuk R. Joesoef commissaris van politie ing Soerabaya.

Pabrik roti dipointoetoep.

Ing Soekaboemi mentas wonten pabrik roti gaengsipengkoeng, anggènipoen katoetoep. Anggènipoen katoetoep waoe margi kesangetan anggènipoen boten ngengèni kasarasan.

Pabrik waoe ingkang tiga tetela ambabaji sanget toemrap kasarasan. Ingkang satoenggal wonten tjiangipoen sakit dephteritis kapapanakan tjakat kalijan papan pambakaripoen roti. (*Java Bode*).

Commissaris Padvinderij Inggris.

Kala tengah-tengahanipoen woe-lan kapengker, ing Hoofdkwartier Padvindersbond Bandoeng kadafangan toewan Major Alec Waley district-commissaris Padvinderij ing nagari Inggris. Toewan waoe kalijan njo-njatiipoen poenapadéné anakipoen éstri, badé andadjah tanah Djawi, Bali lan Soematra. Wangsoelipoen tjalon noempak baita *Johan de Witt*.

Burgemeester bangsa Inggris.

Manoet pamiringipoen *Java Bode* saking péhak ingkang kenging piñitados, sakedap malih badé wonten rembag angéwahí tatanan pangrèh Gemeente ingkang sampaenika.

ONTJÈN SEKAR GAMBIK MELATI.

H. B. S. LAN INTERNAAT KANGGÉ SADAJA BANGSA ING NGAJOGJAKARTA.

- O -

Ngajogjakarta. Laré-laré waoe mondok kanti ambajar f 20, tilempoen tanpa klamboe, sinaoenipoen kétèr margi boten wonten ingkang ngoelat-oelati

Para maos! Prakawis teda lan patilemen, poenika boten patos koela manah. Ingkang koela raosaken poenika kétèring pasinaonipoen... Koela gadah tegangan laré T.S. Laré waoe mondok wonten grijaning bakjoenipoen. Grijah waoe inggih tjakat grijaning prenah pamanipoen. Kadous-poendi kawontenanipoen tpeangan koela waoe?... Mèh saben dinten kadatengan kantja - kantjanipoen 5 — 10. Sami poenapa? Namoeng sami ngénggar - énggar manah, gitaran, tjempoengen, menjanji Iss.... ngantos dijam kalah welasan!

Tepangan koela poenika waoe kerep dipointéngatken bakjoe toewin pa-manipoen. Nanging, boten dipointéngatken Mangka dasaripoen pantjén laré boten montjér. Mila, sakolahipoen inggih saja kétèr. Soemerep kawontenan makaten poenika manah koela mesakken tjiang sepoehipoen! Dipoenragadi katah, kasakolahaken inggil, djeboelipoen laré makaten kawontenanipoen! Ingkang katenggan sadérèk kémawon makaten! Lah gèk ingkang mangéng wonten grijanipoen tjiang sanès kados-poendi?... Kadjawi poenika, kaping pinten kémawon koela soemerep siswa Mulo sasaminiopoen, groedag - groedoeg ngalér ngidoel, dlédar-dlédar oeret margi ageng, ngantos wantji tengah daloe?

Koela inggih boten maiben, bilih siswa Mulo, T.S., A.M.S., poenika dédè laré alit. Nanging wonten kawontenan kados ing ninggil saëstoe boten njenengaken! Mesakken ingkang nragadi, sadérèk!

Mila koela inggih bingah sanget déné prakawis poenika sampaen ginalih para prijantoen warganing panitya kaseboet nginggil.

Sedyanipoen panitya angedegaken internaat, poenika téteha toewoh sakting manah oetami. Sapamireng koela ing Ngajogja badé wonten internaat kangé bangsa Europa.

Kadjawi poenika, pakempalan B.O. inggih badé ngadegaken internaat énggal wonten Gowongan tjakap kangé laré 50 — 100. Manawi pamireng koela poenika kepara njata, roemaos koela boten perloe dipointen wonten ijarah. Mila inggih boten maiben déné toewohing idam-idaman sakolahan H.B.S. ing Ngajogjakarta poenika saking bangsa Walandi, prijantoen ageng, oetawi kaeom hartawan. Mila inggih boten maiben déné toewohing idam-idaman sakolahan H.B.S. ing Ngajogjakarta poenika saking bangsa Walandi. Djer inggih anak-anakipoen bangsa poenika, ingkang tjaloniipoen katah ingkang nglebeti pamoelangan waoe.

Éwadéné

kawontenan

makaten poenika, boten kenging kangé sebab kita boten najogjani wonten H.B.S. ing kita Ngajogja.

Mila sanadyan istingarah kita ngrekaos sanget anglebetaken anak kita dateng sakolahan waoe, kita boten kenging ladjeng moengal: "Emoh! Ora soesah diwènèhi ha bé as, ha bé ès, barang!" Djer basa ngrekasa makaten boten ateges sami kalijan: ora bisa Awratipoen binékanan ing anak, ... agenging kastresnan dateng poeta, ... koela kinten andjalari katah tjiang sepoeh ingkang moengal: "É, ja ora kétang takréwangi ndjiret goeloe ngoerangi sakabéh, ja tak temah, ... anggeré karepé anakkoë mleboe H.B.S. bisa kalaon."

Mila toemrapipoen Patjar Mérah boten anggadahi pakéwed poenapak-poenapa toemrap adegiipoen H.B.S. ing Ngajogjakarta. Éwadéné ing batos inggih amoemoedi moegi ing bêndjing wonten kamajaran toemrap anak-anakipoen prijantoen ingkang blandjanipoen boten katah!

2. Internaat kanggé sadaja bangsa.

Kados ingkang kawrat ing Sw. T. kapengker poenika, Ngajogjakarta wonten panitya soemedya ngedeg-akèn internaat kangé sadaja bangsa. Warganipoen panitya waoe: J. Postma, Ir. Prentice, K. G. Pakoe Alam, R. M. Soerja Atmadja, Pangéran Djajakoesoema Iss. Kangé witan, badé ngawontenaken roemjén papan kangé sinaoe sasarengan (gemeenschappelijk studielokaal). Béndjingipoen, ingkang kadjangka ngadegaken internaat kaseboet. Ingkang katampi wonten internaat waoe moerid - moerid: Mulo, Technische School, A. M. S. boten pradoeli bangsa poenapa kémawon.

Anggènipoen para prijantoen waoe sami badé ngawontenaken internaat, poenika margi mesakken kalijan laré-laré pamoelangan kaseboet ingkang sapoeran. Makaten pamanggih koela!.... Doemoegi semanten koela katoewoh pitakén: "Jagéné Nagara anggoné jasa sakolahan Mulo barang koewi kok ora ditjara internaat baé kaja déné H. K. S., K. S., N. S. III?"

Kumuningsaselé 1-3-'30.

Taklim: PATJAR MÉRAH.

CORRESPONDENTIE.

B. te Poerw. prajogi; ingkang kantoon minggoe ngadjang.

M. v. BIENE.

Toekang herlodji
dan Toekang emas.

Adres jang
moerah

DJOKJA **BANDOENG**
Telf. 252 Telf. 226
boeat LONTJENG, HER-
LODJI dan PERKAKAS
EMAS.

Pembatja
SWARA TAMA,
dengan bawa lembaran
Swara Tama
dapat POTONGAN.

PAKOLÈH TOER LOEWESAN SAÉ TOEWIN AWÉT INGGIH NAMOENG MERK GAZELLE INGKANG AWOEDJOED

ALCYON
DUNLOP
R. I. W.

RIJWIELEN

Nitjil kénging! — Kentjèng soekoer!

GAZELLE HUIS — ROEMAH GIDANG
MALIOBORO — DJOKJA — TELF. 508.

R. C. HARDJASOEDALSA

ONDERW. INL. SCHOOL

KL. II. No. 2.

TE

WLINGI.

Tjat gilap A. dari FRIELING.

Boeat loear dan dalam, teroes bisa dipakai.

dalam blik netto 10	5	2½	1	½ kilo;
satoe blik	10,50	5,50	3	1,30 0,75 roepiah

Tjat gilap B.—

boeat loear dan dalam, teroes bisa dipakai,
satoe blik netto 10 Kilo f 8,50
satoe blik netto 5 Kilo f 4,50

Pabrik tjat R. B. FRIELING.

GONDHOMANAN 80 — DJOKJA — Telefoon 784.

Toko DJOEN & Co., Djocja.

PATJINAN MOEKA TOKO FUJI — TELF: No. 374.

Adres jang paling moerah dan paling baik
boewat pembikinannya.

ROTI - ROTIE, KOEWEE - KOEWEET dan
BESCHUIT - BESCHUIT KERING.

SROETOE - SROETOE dan ROKOK -
ROKOK, jang haloes dan kasar.

Djoega slamanja djangan loeba minoem kita
poenja KOFFIE BOEBOOK, jang speciaal die
giling dengan machine Electries, bisa giling aloes
dan kasar, menoeroet pembelie poenja perminta'an
die tanggoeng sampee menjenengken, harga per
pond f 0,90.

Bolih dateng saksiken!

Memoedijken dengen hormat
Toko DJOEN & Co.

KALAU BELI OBAT - OBAT

DJOKJA mémang tiada maoe pakai per-
tjoema, melainkan boeat djaga
keséhatan. Tetapi kalau tiada te-
rima obat jang selamanja baroe
dan paling baik, lebih pintar
Djangan beli sama sekali.

Obat-obat keloeuran roemah² obat

MALIOBORO „RATHKAMP” **MALIOBORO**
soedah terkenal berapa banjak
poeloehan tahoen dan bisa dapat
beli dimana-mana tempat. Kalau
dapat beli tjaip

DJOKJA „RATHKAMP” **DJOKJA**
tanggoeng beli jang paling baik.
Djaga tjaip „RATHKAMP”
dan „ERCEE”

DJANGAN TERIMA BARANG JANG BARANGKALI KOERANG BAIK.

TOKO BARANG-BARANG H. SPIEGEL — Djokja.

ADRES JANG PALING BAIK, boeat:

Eetserviezen — Theeserviezen: f 5,75.
Perkakas dari gelas, dan perkakas dapoer;
Kereta dan korsi boeat anak-anak;
Tempat tidoer, lampoe gasoline, dan
— permainan boeat anak-anak ketjil. —

Semoea barang paling djempol, dan
moerah sekali!

R. I. P.



Dengan berdoeka tjita kami atoer bertahoe pada sekalian saudara dan toean-toean handai taulan kami, bahwa kami poenja anak kekasih jang no. I bernama R. SOETOPPO ketika hari Selasa 25 Februari 1930, djam 3 siang telah meninggal doena.

Dengan perantaraan ini kami mengoetap dan mengatoerkan beriboe-riboe banjak terima kasih kepada semoea beliau jang terseboet dibawah ini:

1. P. T. Pastoor L. Rijckevorsel Rector Ambarawa dan P. T. de Kuyper Semarang, jang telah memperloeken dateng diroemah kami wakoe meninggalnya itoe anak, dan pada P.T. Pastoor de Kuyper Moeda di Ambarawa, jang telah menjembahjangken boeat dijwanja itoe anak.

2. P. T. Albert Bos, Administrateur dari Sigarettenfabriek H. D. Mac Gillavry Djatiroenggo, jang telah memberi pertoeloengan dengan tjoekop boeat mengoeboernja kami poenja anak, dan beliau dengan ridla hati soeka boeang tempo goena manganterken lajonja kami poenja anak dari Djatiroenggo sampai di Kerkhof Ambarawa.

3. Kepada Bestuur dan leden Pangroekti Lojo, jang telah labet baue soekoe boeat djadinja koeboeren; dan mengatoer goena oepatjaranja mengoeboer sampai habis.

4. Kepada sekalian prijaji Kakoeng Poeteri di Ambarawa dan dari Djatiroenggo jang dengan ridla hati telah soeka boeang tempo boeat menghormati mengoeboernja kami poenja anak jang terseboet.

Kami orang toeanja berdoeka tjita P. Soetoro dengan Kasijati.

Toeroet berdoeka tjita:
M. J. Soeprapdi dengan familie. A. J. Koesnir. J. Koesnoen.

Sedjanipoen badé ngwontenaken
burgemeester bangsa Priboemi.
Nanging burgemeester poenika wa-
oe taksih kabawah burgemeester
bangsa Éropah.

Kawangsöelaken dateng tanah Djawi.

Sasampoenoen kapriksa taliti,
wonten tjiang boetjalan ing Digoel
sawatawis ingkang saged kawangsöelaken
dateng tanah Djawi. Ma-
noet pamiringipoen Java Bode
manawi kémawon ing tengah-tengah-
ning taoen poenika wonten tjiang
boetjalan Digoel 30, ingkang ka-
wangsoelaken dateng siti kalahiran-
ipoen.

Bandir ageng.

Margi bendoengan ing Kadawoeng
saledetiopen minggoe kapengker
bedah, tanah Batoe Djaja ing Kra-
wang Lér kaleban toja. Taneman
pantoon kahil dasa baue risak.

Wonten grijanipoen tjiang boemi-
tiga risak inggih margi toja.

Gerah sanget.

Mr. J. K. Onnen tilas pokrol-Djén-
dral gerah sanget. Saking pamrajogi-
nipoen dokter soepados éngal-éng-
gal kondoer dateng nagari Walandi.

Sasakit tjatjar.

Ing Menado kawartsaken kam-
bah sasakit tjatjar. Salebetipoen
minggoe kapengker ingkang kataman
sasakit waoe wonten tjiang figang da-
sa. Tjiang samanten poenika ingkang
doemoegi tiwas wonten satoenggal.
Saladjengipoen sami karékadaja sam-
poen ngantos sasakit waoe kaladjeng
toelar temoeler.

Volkshuisvesting Betawi.

Sakedap malih N. V. Volkshuis-
vesting ing Betawi wiwit anggarap
damel grija séwan (témbok, sakamar)
katahipoen 88 woewoeng doemoen-
gong wonten kampoeng Leksa
Betawi. Semanten oegih inggih badé
toemoerten damel grija séwan 16

woewoeng manggèn ing kampoeng
Menteng Poelo séwan f 34,50.

Poenale Sanctie.

Kala Tweede Kamér nglajengaken
ngrembag begrooting Indonésiah,
Minister Djadjahan mratélakaken
bilih poenale sanctie kanggè wekdal
sapoenika taksih dèrèng saged kasow-
wak.

Tjandoe peteng.

Dèrèng dangoe poenika resisir-
apjoen ing Betawi ngonangi tjiang
Tionghoa ambekta tjandoe peteng
pengaos f 1500. Tionghoa waoe di-
poentjepeng, apjoenpoen karampas.

Balapan kapal.

„Het Paardenportblad” njarijos-
aken bilih balapan kapal katetépaken
wonten Semarang tanggal 27 lan
28 September: Soerakarta 18, lan 19
October: Ngajogjakarta 1, lan 2 Novem-
ber; Betawi 15 lan 16 November.

Poetri Joelianah dateng Indonésiah?

S. k. Het Vaderland mireng bilih
poetri Juliania poeti dalem S. M.
R. Wilhelminah mbéndjing - mbé-
ndjing badé ngrawoehi tanah Indo-
nesiah. Nanging serat kabar waoe
inggih dèrèng saged mestékaken
njata-botenipoen.

Koeli nglawan pangageng.

Aneta saking Medan tanggal 15
Februari martosaken bilih ing
onderneming Poeloe Ajam wonten koeli
asli saking tanah Djawi badé am-
batjok assistent kebon, nanging di-
poensaphi mandoripoen. Ingkang
dados sabab margi katjentok ang-
génipoen njamboet damel. Koeli
poenika waoe dipointjepeng poelisi.

Semanten oegih ing onderneming
Soengai Dadap inggih wonten koeli
badé nglawan mandoripoen, nanging
saged kasapih kantjanipoen koeli
sanès. Ingkang dados sabab margi
kaèngtakken anggénipoen boten ma-
lebet njamboet damel.

Kasangsaran dipoensidem.

Dèrèng dangoe ing panggilingan
pantoon ing Tjipinang Cornelis
wonten koeli ketjeput vrachtauto
kalijan grobag (wagen) ingkang
kagandèngaken angsal vrachtauto
waoe. Koeli waoe ladjeng kémawon
kaantoeaken dateng grijanipoen,
boten kalapoeraaken dateng kapoeli-
sén. Let kalii dinten, pedjah, Sareng
makaten pawartos bab kasangsaran
waoe ladjeng kapireng mrika-mriki.
Poelisi nindakaken paniti priksa.
Mangka saopami ladjeng kalapoera-
aken, bokmarawi tjiang waoe taksih
raged dipoenpitoeloengi. (Matra-
ram).

Kondoer dateng Indonesia malih.

Towan A. B. ten Berge warga
gedelegeerde Raad Kawoela ingkang
sapoenika wonten nagari Walandi,
béndjing 7 Maart badé mriki malih,
nitih baita Grotius.

MANTJA NAGARI.

RERESAH ING INDO CHINA.

Pawartos reserah ing Indo China
poenika ingkang langkoeng tjeta
manoet serat-serat kabar ingkang
saking Shaiagon makaten ringkes-
ipoen.

Sadérèngipoen wonten gégeran
kala woelan kapengker, paréntah
Parangakik pantjén sampoen gadaha-
raos njamaraken ébah-ébahana ka-
bangsan, poenika margi katitik sa-
king: 1. wonten ambtenaar - nagari
dipoenpedjahi; (toewan M. Bazin);
lan wonten malih magistrat M. Ma-
daillat inggih badé pinardjaja déning
tetjjang ingkang kininten dados war-
ganing pakempalan abrit. 2. Bedil-
bedil, lan obat-obat katah ingkang
itjal. 3. Brontakipoen tawanaw poe-
litiek ing sisih Kidoel. 4. Gégeran

alit-alitan sakedap, ing Cochin China
kala zomer ingkang kapengker. 5.
Mandjer bandéra kabangsan, poe-
napadéné glagat-glagat mengsa-
Nagari, kala woelan Mei taoen ka-
pengker.

Katjarisosaken, ing ngrikoe wonten
pakempalan sakawan ingkang se-
dyanipoen badé brontak. Pang-
djoeran pakempalan waoe tansah
sasambatan kalijan djempol-djempol
ing nagari Tiongkok. Paréntah njoe-
merekpi prakawis poenika. Mila ing
salebietipoen sawatawis woelan ing
sa Indo China boten kirang saking
tjiang 2000 ingkang katjepeng.

Kala 3 Febr. ing onderneming Mi-
chelin ing Phu-Rieng, wonten koeli
pedjah. Sadaja koeli ingkang toenggil
sadoesoen kalijan koeli ingkang pe-
djah, sami neda liboer badé ngoen-
tabaken lajon. Paneda waoe boten
angsal.... Éwadéné sami nékad.
Poelisi nindakaken paniti priksa sin-
ten ingkang ngodjok-odjoki makaten
poenika. Éndjingipoen poelisi badé
ambekta tjiang ingkang katahan.

Nanging koeli 1300 sami boten ang-
sal, lan tandoekipoen kadoek wani.
Ing dinten waoe boten wonten koeli
ingkang poeroen njamboet damel.

Rebo éndjing sami poeroen njam-
boet damel. Sareng sijang poelisi
sawatawis dateng, anglem-pakken
koeli 1300 waoe badé njepeng tjiang
ingkang moeroegakan damel boten
saé. Nanging koeli-koeli sadaja ange-
kah. Malah koeli-koeli waoe ladjeng
mentoengi, mbentoeri séla golongan
poelisi, ngantos wonten agén kalih
ketaton. Ngadjengaken wantji éndjing
onderneming kadatengan poelisi sa-
king Saigon, Cholon, Biënhoa, Thu-
daumot sami asikep dadamel, njep-
engi tetjjang ingkang kamanah lepat.

Kala samanten boten poenapa-poe-
napa déning koeli-koeli sami adjirih
sendjatanipoen poelisi. Tanggal 10

Febr. wonten koeli 20 sawegpoe-
roen wiwit njamboet damel. Paprik-
sanipoen poelisi saged njoemerepi
ing onderneming ngrikoe wonten
kas winados. Saben koeli satoeng-
gal nglebeti saesèn sadinten. Ingkang
njepeng kas waoe salah satoenggill-
ing mandor agén Moskou.... Sa-
ring koeli-koeli sami bergerak poen
mandor ngitjal tanpa prasaben poe-
nopa-poena.

Kadjawi ing nginggil saged ka-
soemerepan ing provincie Kien An
poelisi manggih bom 150 kapendem
wonten sabin. Tetjjang prov. Kien
An katah ingkang dipointjepengi.
Semanten oegih ing kiwa-tengen-
ipoen Hanoy inggih katah bom pi-
nanggil. Pangintenipoen tetjjang,
poenika kalebetaken saking nagari
Tiongkok medal tapel wates.

Sasampoenoen wonten lalam-
pahan ing nginggil poenapa poenika,
ladjeng kala malem tanggal 10 Febr.
wonten ontran-ontran kados ingkang
sampoeno kawartosaken wonten ngrí-
ki. Wadyabalabangsa Tonkin 200
kabantoe tjiang kominis Priboemi
nenem, djam 2 éndjing ngrabasa bë-
tèng Yen Bai. Ingkang pedjah kaptin
Jourdan, litnan Robert, adjoedan
Cuneo sersan Damour lan Chevalier,
adjoedan Troteaux. Golongan kra-
man inggih katah ingkang tiwas,
lan loemadjeng sandjata-sandjata
lan mimis. Toenggil wekdal kalijan
ing Yen Bay padjagèn poelisi ing
Hung Hoa dipointempoëh tjiang
kalih dasa, nanging tetjjang 20 poe-
nika wao